# स्नातक उपाधि कार्यक्रम

## सत्रांत परीक्षा

## जून, 2022

## बी.बी.एच.एफ.-001 : भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

***नोट :*** *सभे प्रश्नन के उत्तर देवे के बा ।*

**1.** नीचे लिखल वाक्य में से सही अथवा गलत के पहचान करीं : 5

(क) भोजपुरी परिवार मातृ सत्ता प्रधान परिवार होला ।

(ख) भोजपुरी भाषा के नामकरण भोजपुर नगर के बोली के रूप में भइल बा ।

(ग) सोहर मुख्य रूप से विआह के अवसर पर गावे वाला गीत ह ।

(घ) सिद्ध आ नाथ साहित्य के भाषा खाँटी भोजपुरी कहल जा सके ला ।

(ङ) भोजपुरी के आदि कवि सरहपा के मानल जाला ।

**2.** सही उत्तर से खाली जगह के भरीं : *5*

(क) सिद्धन के संख्या __________ मानल जाला ।

(चौरासी / बावन)

(ख) भोजपुरी के __________ तेजी से हो रहल बा ।

(मानकीकरण / ह्रास)

(ग) तीज __________ लोग के व्रत ह ।

(पुरुष / स्त्री)

(घ) पचाढ़ी __________ के पर्यायवाची शब्द ह ।

(खरवटिया / रंथी)

(ङ) भोजपुरी भाषा जनता __________ होले ।

(कर्मठ / कामचोर)

**3.** निम्नलिखित पद्यांश के सप्रसंग व्याख्या करीं : *6*

नर – समाज जब करवट लेला,
जुग बदलेला, क्रान्ति मचेला ।।
टूटेला सब बन्धन – माया,
चूमे पद परिवर्तन – छाया
अटल हिमालय तब डोलेला
सब सूतल सपना बोलेला ।।
कड़क उठेला बज्र गगन में,
किरन नचेला सावन – घन में,
उमड़ेला परिप्लावन मन में
मुक्ति मिलेला तब बन्धन में ।।

4. ‘अछूत के शिकायत’ कविता के उद्देश्य का बा ? संक्षेप में लिखीं । *7*

5. ‘रजाई’ कहानी के यथार्थवादी कहानी काहे कहल गईल बा ? विश्लेषण करीं । *7*

6. मंचन की दृष्टि से ‘गबरघिचोर’ एगो सफल नाटक बा । एह कथन पर आपन विचार लिखीं । *7*

7. राशन कार्ड बनवावे के खातिर गाँव के परधान को एगो प्रार्थना पत्र लिखीं । *5*

8. निम्नलिखित विषयन में से कवनो ***एगो*** पर 300 शब्द में लिखीं : *5*

   (क) भोजपुरी लोकगीत

   (ख) भोजपुरी पत्रकारिता

   (ग) भोजपुरी लोकनाट्य

9. ‘फगुआ’ पर आपन विचार लिंखी । *3*